

Sante Elèv yo ak Enfimri RPDC a

Nan Roxbury Prep Enfimri Lekòl la gen yon gwo wòl li jwe nan sèvis sante global san fay li bay timoun yo ak jèn yo. Sa pèmèt nou ka ogmante kantite elèv ki antre nan lekòl yo ak yon maladi kwonik ki mande yon jesyon pandan jounen lekòl la. Yon Enfimri Lekòl se yon pratik espesyalize ki gen ladan l pwofesyonèl nan enfimri ki ap asire byennèt elèv yo, siksè akademik yo, ak akonplisman alontèm yo. Nan lide sa, enfimyè lekòl la fasilite elèv yo byen devlope, yo asire sante ak sekirite elèv yo; yo entèveni nan pwoblèm sante aktyèl ak sa ki potansyèl yo; yo bay sèvis jesyon ka; epi yo kolabore aktivman ak lòt moun yo pou yo konstwui kapasite adaptasyon lakay elèv yo ak fanmi yo, kapasite oto-jesyon, oto-defans ak aprantisaj.

Asosyasyon Nasyonal Enfimri Lekòl yo idantifye 7 wòl de baz ke enfimri lekòl yo ranpli pou yo favorize sante ak siksè akademik timoun yo ak adolesan yo. Wòl yo gen relasyon yonn ak lòt epi yo aplikab a enfimri lekòl nan tout nivo pratik, kèlkeswa kote sant lan ye, epi kèlkeswa kliyan an.

1. Enfimri lekòl la founi swen dirèkteman a elèv yo.
2. Se enfimri lekòl la ki bay direksyon sou dispozisyon sèvis sante yo. Enfimyè a se ekspè swen sante nan lekòl la, se li k ap evalye sistèm swen global la epi devlope yon plan akote Ekip Fonksyonman an yon fason pou yo asire yo ke yo satisfè tout bezwen ki gen rapò ak sante yo!
3. Enfimyè Lekòl la fè tès depistaj epi li bay referans pou pwoblèm sante. (Depistaj yo fè; Depistaj, Brèf Entèvansyon ak Referans pou Tretman (Brief Intervention and Referral to Treatment, SBIRT) pou tout elèv ki nan nivo 7 yo, Depistaj sante tankou BMI, Je, Zòrèy, ak Posti pou tout elèv ki nan nivo 5 a 8.
4. Yo bay yon sekirite fizik ak emosyonèl a kominote lekòl la alèd siveyans yo fè sou vaksinasyon, kontwòl yo bay pou asire esklizyon apwopriye nan ka maladi ki enfektye yo, ak rapòte maladi ki enfektye yo jan lalwa mande sa.
5. Enfimri lekòl la favorize edikasyon nan domèn sante alèd de enfòmasyon sou sante li bay chak grenn elèv oswa gwoup etidyan atravè edikasyon sou sante yo.
6. Enfimyè Lekòl la sèvi kòm lidè pou politik ak pwogram sante yo. Sa gen ladan pwomosyon sou sante ak pwoteksyon, politik byennèt lekòl la, pwoteksyon sante mantal ak entèvansyon, jesyon maladi egi (acute).
7. Enfimyè Lekòl la se yon lyezon ant pèsonèl lekòl la, fanmi yo, pwofesyonèl swen sante yo, ak kominote a.

Kesyon yo poze lepisouvan

Kòman mwen ka kontakte Enfimyè Lekòl la? Ou ka rele nan nimewo prensipal lekòl la nan 617-858-2300 epi antre ekstansyon 4216 la pou biwo enfimri a. Pou w fakse enfòmasyon sante, itilize nimewo 617-275-5760, oswa voye yon imel bay mo@roxburyprep.org

Kòman yon elèv ka vizite Enfimyè Lekòl la? Nenpòt ki elèv ki bezwen atansyon medikal oswa ki pa santi l byen ka leve men yo anlè nan klas la epi mande pou yo wè enfimyè a. Depandaman de kisa y ap fè nan sal la, pwofesè a ap itilize jijman l epi l ap voye elèv la ak yon pèmasyon pou l deplase ki espesifye ke li pra l nan biwo enfimri a.

Èske mwen ka voye medikaman yo prekri timoun mwen an ba li pou l pran pandan lè li nan lekòl la? Wi, si ou genyen yon nòt ke doktè w la siyen ki di ke timoun sa sipoze pran medikaman sa pandan lè li nan lekòl la. Nou sipoze resevwa toulède, nòt la ak preskripsyon an anvan timoun lan ka pran yo nan moman li nan lekòl la. Se menm bagay la tou pou ponp opresyon ak adrenalin oto-enjektab (epi-pens).

Kisa ki fèt pou vwayaj nan kad matyè yo pou elèv ki gen opresyon oswa yon reyaksyon alèji ki ijan? Enfimyè Lekòl la patisipe nan tout vwayaj obligatwa nan kad aprantisaj yon matyè ki mande sipèvizyon yon enfimyè, epi li ap mache ak nenpòt medikaman ak preskripsyon oswa san preskripsyon ki nesèsè.

Èske timoun mwen an ka resevwa medikaman san preskripsyon nan lekòl la? Wi, pou medikaman san preskripsyon (over the counter, OTC), Enfimyè Lekòl la ka bay (Asetaminofèn, Ibiwofèn, 'Tums', konprime oswa siwo kont dyare, konprime kont alèji ki p ap fè w dòmi, gout pou tous, ak krèm 'cortisone') si paran oswa gadyen timoun nan te ranpli pati medikaman nan aplikasyon lè li t ap enskri nan lekòl la.

Ki dokiman mwen sipoze genyen nan dosye m pou enfòmasyon sou sante elèv mwen an ka ajou? Nou bezwen yon mizajou fizik pou ane aktyèl la nan dosye a pou chak timoun, mizajou sou enfòmasyon pou kontak/ijans, ak nenpòt nòt doktè siyen ak fòmilè medikaman.

Sa k ap rive si timoun mwen an resevwa yon domaj pandan li lekòl? Enfimyè Lekòl la ap itilize jijman medikal li pou li evalye sitiyasyon an, y ap ba l swen ki apwopriye, y ap kontakte paran an imedyatman, Direktè Fonksyonman/Direktè yo ap okouran, epi y ap kontakte sèvis ijans (911) si se yon sitiyasyon ijans epi enfimyè a oswa yon manm nan estaf la ap akonpanye elèv la lopital.

Si mwen gen yon nòt doktè ki di ke timoun mwen gen bezwen/restriksyon medikal, èske sa ka ranfòse nan lekòl la? Wi, si nou resevwa yon nòt ke yon doktè siyen ki mande restriksyon oswa bezwen medikal. N ap releye enfòmasyon yo bay tout estaf ki sipoze enfòmasyon pou kenbe sekirite elèv la pandan nou ap asire konfidansyalite enfòmasyon yo.